# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**«Транспорт ҳәм логистика» мәмлекетлик унитар кәрханасы тәрепинен 2021-жылда улыўма орта билим бериў мәкемелери ҳәм оқыўшылары ушын сатып алынған товарларды жеткерип бериў ҳәм орналастырыў, утилизация етилетуғын сабақлықларды жыйнап алыў ҳәм де қағазды қайта ислейтуғын кәрханаларға тапсырыў қәрежетлерин тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў тараўында мәмлекетлик буйыртпалар ҳәм логистика системасын және де жетилистириў, сондай-ақ Өзбекстан Республикасының "Мәмлекет буйыртпалары ҳаққында"ғы Нызамы ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 20-февральдағы "Жойбар алды, жойбар, тендер ҳүжжетлери ҳәм контрактлерди экспертизадан өткериў тәртибин жетилистириў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-3550-санлы қарарының талаплары тийкарында халық билимлендириў системасындағы улыўма орта билим бериў мәкемелери ҳәм оқыўшылары ушын сатып алынған товарларды жеткерип бериў ҳәм орнатыў, утилизация етилген сабақлықларды жыйнаў ҳәм қағазды қайта ислеўши кәрханаларға тапсырыў жумысларын нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-июльдағы 231-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**Б У Й Ы Р А М А Н:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-июльдағы "Транспорт ҳәм логистика» мәмлекетлик унитар кәрханасы тәрепинен 2021-жылда улыўма орта билим бериў мәкемелери ҳәм оқыўшылары ушын сатып алынатуғын товарларды жеткерип бериў ҳәм орналастырыў, утилизация етилетуғын сабақлықларды жыйнап алыў ҳәм де қағазды қайта ислеўши кәрханаларға тапсырыў қәрежетлерин тастыйықлаў ҳаққында"ғы 231-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң буйыртпасы тийкарында «Транспорт ҳәм логистика» мәмлекетлик унитар кәрханасы тәрепинен улыўма орта билим бериў мәкемелери ҳәм оқыўшылары ушын сатып алынатуғын товарларды жеткерип бериў ҳәм орналастырыў, утилизация етилетуғын сабақлықларды жыйнап алыў ҳәм де қағазды қайта ислейтуғын кәрханаларға тапсырыў хызметлерин көрсетиўге 2021-жылда жумсалалатуғын қәрежетлер калькуляциясы 1- ҳәм 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. «Транспорт ҳәм логистика» мәмлекетлик унитар кәрханасы тәрепинен көрсетилетуғын хызметлер көлеми өзгерген жағдайда тастыйықланған қәрежетлер калькуляциясына тийисли өзгерислер киритиледи ҳәм қосымша келисимлер дүзиледи.

4. Халық билимлендириў министрлигиниң "Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими" (Г.Бекмуратова)не:

улыўма орта билим бериў мәкемелери ҳәм оқыўшыларына оқыў кураллары, мектеп формасы, сабақлықлар ҳәм методикалық қолланбаларды жеткерип бериў бойынша «Транспорт ҳәм логистика» мәмлекетлик унитар кәрханасының Қарақалпақстан филиалы кәрханасы менен шәртнамалар дүзиў ҳәм қаржыларды өз ўақтында өткерип бериў ўазыйпасы жүкленсин.

5. Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имәрат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик” бөлими (И.Балтабаев)қа «Транспорт ҳәм логистика» мәмлекетлик унитар кәрханасы тәрепинен 2021-жылда мебель, оқыў-лабаратория үскенелери, спорт инвеньтарлары ҳәм басқа техник қуралларды жеткерип бериў ҳәм орнатыў менен байланыслы қәрежетлерди аймақлар кесиминде Қарақалпақстан Республикасы Қаржы министрлиги менен тийисли иләжларды әмелге асырыў ўазыйпасы тапсырылсын.

6. «Транспорт ҳәм логистика» мәмлекетлик унитар кәрханасының Қарақалпақстан филиалы(Ө.Баймуратов)на:

улыўма орта билимлендириў мәкемелери ҳәм оқыўшылары ушын сатып алынған товарларды район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине жеткерип бериў ҳәм орналастырыў жумысларын өз мүддетинде әмелге асырыў ўазыйпасы жүкленсин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң орынбасары ў.ў.а. И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы

2021-жыл «28» Июль

№180